Réédition Wolof

# AFRIG SITUWAAYEN

Téeréb nataal ñeel ndawi Afrig - Awril 2013 - ISSN 0851 - 7371

# ÀQI XALE

## DUND AK SUQALIKU




26

Lëngóob

Àmbasad bu Suwis ci Senegaal

ASECOD, di mbootaay gu yëngtoom jëm ci lëngóob nawlante

FondasyÖ Konrad Adenauer ( FKA ).




## AFRIG SITUWAAYEN

Téeréb nataal ñeel ndawi Afrig.

Ki ko móol di ko siiwal :
**Àllaaji Siidi Jeŋ,**
**di Njiital ASECOD**
Ci xalaatu
**ASECOD ak FKA**
Natal yeek Mbindum xarala mi màcce ci
**Maalaŋ Seen,**
**ñu di ko wax KABS**
Ki ko tekki ci wolof :
**Mamadu Njaay**

Ki ko defar di
**SIE**

**. Muulaat bi tollu ci 10 000 sotti- Awril 2013**
**Ki génne xaalis bi ñu ko defare di Àmbasad bu Suwis ci Senegaal**

**Bépp sañ-sañu sotti walla bu siiwal ñeel téere bii, FondasyÕ Konrad Adenauer ak ASECOD rekk ñoo ko yeyoo.**

Schweizerische Eidgenossenschaft
Confédération suisse
Confederazione Svizzera
Confederaziun svizra

Feddali Àqi Doom Aadama dafa bokk ci li Réewum Suwis gën a ittewoo ci amlanteem ak bitim réew. Àmbasad bu Suwis ci Senegaal mu ngi doxal ab jàpplante ci lu jëm ci àqi Doom Aadama, rawatina ci àqi xale, mook kilifay Senegaal.
Ràngu na ci tàggat ay jàngalekat ci mbirum yoon ñeel xale, ànd ceek « Centre de Formation Judiciaire ( Dakar ), di Daara ju ñuy Tàggate ci Yoon ( Ndakaaru), ak « Institut International des Droits de l'enfant », di Daara ju mag ju réew yi séq muy ittewoo àqi xale, te nekk SiÕ ( Suwis ).
Gannaaw loolu, dafay jàppale mbootaay ak ONG yu réew mi, ci xaalis bu ñu taxawale ay prose yu ndaw, maanaam ay yëngu-yëngu ngir suqaliku, di jéem lu nekk ngir amal, saxal ak dooleel jàppoo bi ak askan wi.

**Àmbasadu Suwis ci Senegaal, Kab-weer, Gàmbi, Gine Bisaaw, Mali ak Móritani.**
**Yoon Rëne Njaay / àngal Seydu Nuuru Taal. BP : 1772 15 800 Ndakaaru**

ASECOD

ASECOD ñu ngi ko sos ca desàmbar 1969, tudde ko, ca njélbéen « Klëb kiltirel Konrad Adenauer » ngir sargal ci Njiitu Repiblig Federaal Almaañ mi Persidã bu Senegaal bi jëkk, Léwopóol Sedar Seŋoor, wuutu woon ca Akademi dee Siyãs Moraal e Pólitig bu Ẽstiti dë Frãs (Académie des Sciences Morales et Politiques de l'Institut de France). Yeneeni tur juddu nañu fi, topp soppeeku yi ànd ak jamono ci réewi àddina bi, deme ni Klëb Amicee Jermano-senegalees bi mujj doon AsosiyasyÕ Afrik Frãkofon-Amerig, teg ci tuuti mu tudd AsosiyasÕ Senegalees dë koperasyÕ Desãtraliise ( ASECOD ). Ci noonu, ci atum 2001, la ASECOD ak FondasyÕ KÕrad Adenauer sos Téere Nataal bii di Afrig situwayen ( Afrique Citoyenne), ñu di ko siiwal ci xale yi ci biir réew mi yépp, ci ekool yeek Mbootaayi Tàggat yaram ak Aada yi ( ASC ).
Ittewoo bees am ci mbir yi ñuy gaaral ci Téere Nataal bii di Afrig situwayen jàll na digi réew yépp, rawatina bi tuddoon « Sama doolee ngi ci Jàmm ( Ma Force est dans la Paix), ñu tekki ko ci Ãgle ak Purtugees, ci ndimbalu Àmbasad yi, siiwal ko ca ndajem Ndawi Réewi Afrig yi ak ci déndu Afrig yépp. Yeneen ñaari nimëro yi ñu defoon ci wote Njiitu Réew mi, PGP-USAID sottiwaat na leen. Yeneen nimëro, KoperasyÕ Teknik Bels ak Àmbasad Israel sotti nañu leen…añs

**AsosiyasyÕ Senegalees dë koperasyÕ Desãtraliise ( ASECOD )**
**di Mbootaay gu yëngatoom jëm ci lëngoob nawlante**
**Resepise N° 2664 / MINT / DAGAT ci 30/06/1970**
**Tel : (221) 864 75 42 , Fax : (221) 864 75 41 - BP 540 DAKAR (RP)**
**Email: republicain2011@gmail.com**

**FONDASIYÕ**
**KONRAD ADENAUER**
**(FKA ) CI SENEGAAL**


Konrad Adenauer Stiftung


FondasiyÕ Konrad Adenauer mi jël turu Njiit li jëkk ci Repibligu Almaañ te teew ci lu ëpp 20 réew ci Afrig, mu ngi ñëw Senegaal ca atum 1976. Li mu gëm mooy Demokrasi, Moom sa bopp, Maandute ak Jàmm. Mën naa sukkandiku ci Senegaal, di benn ci réëwi Afrig yi demokrasi, maanaam sàmm àqi askan wi, fekk baax.
Jàppale gox-goxaat yi, lu ñu ittewoo la lu ëpp fanweeri at a ngi nii.
Sunu nisar moo di feddali yorin wu ànd ak maandute ci biir gox-goxaat yi.
Ñu ngi dooleel kurél yi soqikoo ci askan wi tey yëngu ci lu suqali demokrasi ak fàttali askan wi seen wareef ci seen réew. Ci loolu, diisoo diggante diine yi ak ci diggante aada yi, ak tàggat ci mbirum Jàmm dafa ci am solo.
FKA dafay jàpple taskati xibaar yi ci jottali gi ñuy def lu jëm ci demokrasi,
di jàpple càmpeef yi ñu fal. Leneen lu ko gën a soxal mooy lu suqali kuréli koom yu jaambure yi. FKA dafay jàppale doxalinu koom ci njënd ak njaay wu jublu ci soxlay askan wi, di yombal diisoo bi diggante waay- koom yu jaambure yi ak way-politig yi.
Suqalikug jigéen ci géewi politig ak ci nekkin ak ci koom-koom, seen ndimbal ngir ñu joti ci bérébi dogal yi, bokk nañu ci ay nisaram.
Ci lu jëm ci jàpple ndaw yu xereñ yi, FKA dafay amlante ak Iniversite yi- maanaam Daara yu mag yi- ngir may burs- maanaam ndimbal- njàngaan yi sóobu ci taxawu askan wi.


**FondasyÕ Konrad Adenauer, Istel Mermoos**
**N° 32 Yoonu Piroteknik, BP 5740 Faan Dakaar – Senegaal**
**Tel :(221) 869 77 78 - Fax :(221) 860 24 30**
**Email : buero@kas-dakar.de**
**Sit web : www.kas.de/senegaal**



Tey, ci yoonu ekool, Paap ak i xaritam dañu yem ci mbir mu…yéeme.
Ee, gaañi !... Amul lu ngéen dégg ?
Aa, mel na ni ay mbëw-mbëwi xaj ñooy jib, ànd ak jooyi xale ca xur wee.
Ooh ! fee ! Xool- leen ! Ab xaj bu ŋànk mbuus mu réy !...
OUAH ! OUAH !
OUIIINNN
Waay, liir bu ñu sànni ?! Ayca ust ! jóge fi, xaj bu bon bi !
Céy Yàlla ! Nun, ban jamono lañu nekk ?
Ndokk, mu ngi dund, Alhamdu lilah ! Xaa-ral ma génne ko !


Ruq bii dafa wéet...Ndokk ba ñu agsee ci waxtu wii, nikon lu ñaaw di na am !
Jox ma ko, Usu !
Waaw, léegi nag, lu nuy def ?
Aa...Xanaa woo poliis rekk.
Xale bu jigéen la...waay, ak ni liir bi rafete... Man de xamuma kan moo mën a sànni xale bii ci béréb bu ruqe bii !
Nit Ku amul xol la rekK !
Mu ngóog, Poliis ak Sapëer yaa ngi ci yoon. Léegi ñu agsi !
NEES TUUT, POLIIS AK SAPËER YI AGSI CI BÉRÉBU AY WI...
Ẽspektëer Jóob, ngir taxawu seen soxla. Am ngeen njaaraama, yeen ñi am xelu woote. Sapëer yi dinañu jël xale bi ngir def li ci war.
Am, ẽspektëer, ci mbuus mii lañu ëmboon liir bi.
Amuloo mo-room ! Mbuus mii firnde ju réy la, dina nu dimbali ci sunu gëstu.
Foog ngeen ne dina ñu jàpp ki def lii ?


Lu wóor la ! Balaa daraa xew, mën naa la wax ne liir bii mu ngi juddoo ci àndu séy bu ñu soxlawuloon, te ki ko faral di def mooy ki ko jur.
NEES TUUT . . .
Léegi nag, Sapëer yaa ngi yóbbu liir bi ngir toppatoo wér-gu- yaramam.
BÉPP XALE YELLOO NA WÉR-GU-YARAM
Waaw, bu loolu wéyee, kan moo koy toppatoo ? Xale bii dina soxla ku ko dundal...
Bul xalaat dara, sama doom ; jamono ji ñuy doxal gëstu bi dina fekk mu nekk ci loxo yu wóor, ci kër gu ñu jagleel liir yu tumuranke yi, ñu di ko defal toppatoo bi war ci moom.
BÉPP XALE YELLOO NA AARU
Waaw, ëspektëer…Yan daan lañu mën a teg ñiy def jëf yu mel nii ?
Tooñeel googu dañu koy mén-galeek jëyyë. Moo tax daan bi fàww mu diis.
10 AT
PIJIN POOONN
Céy Yàlla !



Ohoo ! Lii metti na waay ! Ñu ngi koy yóbbu te mënuma ci dara !...
PIIIN POONN
PIIIN POON PIIIN
AMBULANCE
Yow, gis nga lima gis ?
Fan ?
Waay, xoolal janq bee di daw, topp àmbilãs bi !
PIIIN POON PIIIN
Ee, kii fàww ñu jàpp ko...wóor na ne xam na dara ci li xew !
Ee, yow ! Looy def fii ? Kaay fii !
Céy Yàlla !...Po-liis la...Éy man fu ma jëm ?
Ee, taxawal ! Kenn defu la dara !
Moo waay ! Kii de moo dàq a daw kéwél !
Waay...
AAAH !
Bàyyileen ma ! Bàyyileen ma !
Du am te tontuwuloo ci sunu laaj yi ! Lutax nga doon daw topp àmbilãs bi ?



Ẽspektëer, defe naa bu ñuy jiiñ tuuma mën nanoo tàmbalee ci kii...
...Mu ngi doon daw ba xëx, topp àmbilãs bi. Janq bii daal setul ci ay wi !
Bàyyileen ma, de-fuma dara lu bon !
Bàyyileen ko...Léegi nag déglu ma bu baax. Boo amul lenn looy yedde sa bopp, wax ma li nga doon def fii, yow rekk ? Te sax, noo tudd ?
Maa ngi tudd Mbeen...Bi ma déggee sapëer yiy korne laa daw seetsi lu xew...
Ee !..Béréb bii wéet na te sori kër yi...Fen yi doy na !
Ana lu nekk ci biir àmbilãs bi lu la war a soxal ? ... ãa ?
Dimbalileen ma, bàyyileen ma ! Bàyyi-leen ma ma dem !
Aa ! Léegi leer na, dangaa des-oon fii ngir xam fan la liir biy mujje Loolu la ?!
Tontul !
Lii doy na waar...Mbeen, noo maase, te gis nga ni ween yi tollu nii xaat...
Déglul, Mbeen...Bàyyil jooy yi te wax nu li nga xam.Waa poliis yii mën nañu laa dim-bale sax ba nga génn ci, maa la ko wax...Bul nëbb dara !
Aa..baax na ! Feek dafa luu, mënul wax, maa ngi koy yóbbu poliis...
Dugal ko !
Déeedéet ! Bëggumaa dem poliis !
Noppil !




Xaarleen !...Bu ma leen waxee dëgg gi, ndax di ngeen ma bàyyi ma dem ?
Aa ! Léegi nangu ngaa tijji sa gémmiñ. Nu ngi lay déglu te fexeel ba wax dëgg gépp, lu ko moy...
Maay ndeyu liir bi...
Sa ween yi wone na ko... Ñaata at nga am ?
16 at...Xale bi dafa juddu ci biir bu ma bëg-guloon...
Waaye te-rewukoo doon xale ni yeneen xale yi...
BÉPP XALE YELLOO NA YEMALE AK ÑÉPP
...Damaa rusoon a ñibbi sama dëkk yób-baale gàcceeg doom ju sama jëkkër jurul. Moo tax ma xalaat... tàggook moom...
Sa jëkkër ?
BÉPP XALE YELLOO NA DUND AK SUQALIKU
Kon, kan moo jur sa doom ji ? Xamoon na ne moo la ëmbal ?
Waxal lëpp, Mbeen. Bul Bàyi dara, bul tiit dara !
Sama jëkkëru njaatige la. Man mbindaan laa... Damaa tëdde ci doole, lu bari, di ma tiital ne dafa may rey walla mu dàq ma bu ko jaba-ram yégee...
Mu tëdde la, jóge ci sànniloo la sa doom cib pubel ! Ab defkatu jëyyë dëgg lanu diggaaleel !
Te moom kat, terekoo sàmm ay njabootam ci anam yu rafet ! loolu jaaduwul !
BÉPP XALE YELLOO NA AM AY WAY-JUR


Déedéet…Maa xalaatal lépp sama bopp.
Gis nga, Mbeen, seetaatal sa bopp !… Xanaa doo jéem a làq kàccoor boobu, ak li mu la teg lépp !
Wax ma tuuti, krees ak pupoñeer yi, ni ñu baree ci dëkk bi, nga xam ne dañu fay toppatoo liir yi…
… gisuloowoon leneen ludul sànni sa doom ci sën ngir tàggook moom ?
BÉPP XALE YELLOO NA KÉEW GU SELL
Maangi lay waatal ne mësumaa xalaat rey sama doom.
Santal Yàlla, liir baa ngi dund te… Boo ko xoolee gis ne dara jotu ko, ndax farlug xale yii.
Waawaaw, Usoo ko muccal ci bëñi xaj bi ko doon jéem a lekk ! Yow kay, sant Yàlla rekk a la war…
Aa ! Bu dee ay jayit neex na !
Ndax xam nga li tax nu yem ci mbir mu ñàng mii mënoon a yóbbu sa bakkanu doom ?
Nun danu doon jàngi ! Li tax sax nu aw ci yoon wu bari pax wii te tilim, moo di danu yàkkamtiwoon, di wut yoonu gàttal ngir teel a yegg…
Sa doom mën naa màgg, jàngi, tekki, ñëw génne la ci ndóol ! Xalaat nga loolu, Mbeen ?
BÉPP XALE YELLOO NA NJÀNG


Waay ?!
Dellooleen ma sama doom, ngir Yàlla !
Fàww nga muñ nag ba ca kanam. Sa doom mën naa dellusi ci say loxo ci ab diir.
BÉPP XALE YELLOO NA AM AW TUR BA MU JUDDOO
Ayca ! Léegi nag kaay yóbbu nu sa kër njaatige bu góor boobuy sàkku ndaw ñi. Ayca, jógal ci jàmm...
Waaw, bu ma ko boolee, ñu dem mu rey ma nag.. ?!
Dafa jar a boole nag !
Man mësumaa bëgg a tàggook sama doom.
Ak lu mën di am, ki sooke lii lépp mooy sa njaatige bu góor bi. Yóbbu nu ci moom.
Te nag, bul ragal a wax dëgg gépp ndax am nga sañsañam !
BÉPP XALE YELLOO NA AM KÀDDU
POLICE
Jëre-jëf gaañi ! Seen farlu ci àqi doomi réew mee tax liir bu néew doole bii dund.
Kon jàmm ak jàmm, Ëspektëer.



Paap, Xujja, Usu ak Lisi jëlaat seen yoon...
Moo waay ! Jàng lu deme nii ci kayiti tas-xibaar yi lenn la, waaye teewe ko moom, leneen la !
Lu mel nii dafay tax ma bëgg a doon pro-kiirëer ba tëj wëyu yu deme ni ki def Mbeen lii, 15 at kaso.
Waaye gis ngeen gaañi, li gën a sedd xol mooy liir bi dara jotu ko. Sant Yàlla !
Ak lu mën di am daal, mucc na, te xam naa ne di nañu ko jox toppatoo ba mu laaj ngir mu màgg ci anam yu mucc ayib.
BÉPP XALE YELLOO NA NEKK CI JÀMM
Waaw, seetluwuleen ne Mbeen ndawe na lool ngir am jëkkër ?
Wax dëgg ! Kii waroon naa nekk ekool ak nun !
Waay-waay Mbeen waay ! Tuuti rekk mu ñàkk liiram !
Xam naa li tax mu bëggoon a tàggook doomam ; dañu ko koo ga...
...Yaakaar naa ne dina ci génn ak jàmm te yoon du ko ci teg dara ndax li ko waay ju ñàkk jom jekku. Waxuma laak mu di minëer.
Hulala ! Waxtu wi dafay naaw...tarde nanu !


Ee, janq ji, waaxuleen ! Daanaka yegsi nanu !
Puf ! waaxu, yomb naa wax !
Huu ! Dara laa mënatul !
Déet waay Xujja, góor-góorlu ! Fii ak ekool ci 100m lay yem !
Léegi, sunu xarit yi agsi nañu ci ëttu ekool bi...
Céy gaañi, nun tarde nanu lu ëpp 5 mn !
Fàww nu dem wuti kayit ngir ñu bàyyi nu nu dugg .
Nees tuuti...
TOK ! TOK !
Waaw, agsi-leen !... Ah ! Yéen la !
Waaw, Muse... Hëë... nu ngi jégglu ci tarde bi. Dañoo yem ci yoon wi, ci liir bu ñu sànni, benn xaj bëggoon koo lekk nu fexe ba mu mucc...
Nu teg ci woote ndim-bal, xaar ko ba mu agsi.
Aa...loolu de lu baax la. Te li ngeen xamul sax, sunu njàngum tey mu ngi jëm ci àqi xale !...
...Kon duggleen dal-lu te nettali nu xew-xew bi leen dikkal, ndax bunt la ci li nu war a jàng.
Aaaa, Paap ! Xanaa yaay jël kàddu ndax nga won nu say mënin...yow mi nar a doon Prokiirëer dë la Repiblig !
Waay ! Looy wax nii ?
Lisi, yaa doy waar !